# 5 कतेक?



## बाबाक संग बाहर जाइ छी!




बच्चा सभकेँ चित्र देखए दियौन आ चित्रमे पार्कमे कोन- कोन गतिविधि भए रहल छै ओहि विषयमे चर्चा करू। पार्कमे कतेक लोक आबि रहल छथि,ओहू विषय पर चर्चा कए सकैत छथि। उदाहरण लेल, पहिल चित्रमे कतेक बच्चा खेलि रहल अछि आ कतेक हुनका संग शामिल भेल ।बच्चा सभकेँ बाबा -बाबीक संग समय बितयबाक महत्त्व पर चर्चा करू आ हुनक विचार सुनू।पैघ लोकक प्रति सम्मान देखयबाक तरीका पर चर्चा करू।




© NCERT not to be republished

## कुल मिलाकए कतेक भेल? जोड़ि कए बाजू आ रिक्त स्थान भरू।




4 टा बच्चा आ 2 टा बच्चा मिलिकए बनबैत छै ___ बच्चा।

4 + 2 = ____



3 टा लट्टू आ 1 टा लट्टू मिलिकए बनबैत छै _____ लट्टू।

3 + 1 = ____



3 टा चुट्टी आ 2 टा चुट्टी मिलिकए बनबैत छै _____ चुट्टी।

3 + 2 = ____



4 टा पेंसिल आ 3 टा पेंसिल मिलिकए बनबैत छै ____ पेंसिल।


4 + 3 = ____

बच्चा सभकेँ जोड़ करबा लेल बहुत रास ठोस वस्तु को जोड़बाक पर्याप्त अवसर प्रदान करू। बच्चा सभकेँ दू समूहकेँ (एकत्रीकरण) मिलाकए आ विद्यमान वस्तुक समूह (संवर्द्धन) मे आर बेशी वस्तु जोड़िकए वस्तुक कुल संख्या बतैबा लेल प्रोत्साहित करू। दूनू तरहक जोड़- समस्या पर बच्चाक अभ्यास- कार्य करयबाक चाही।



© NCERT not to be republished


## जोड़ू आ चित्र बनाउ



______________

[6] टा गेन आ [2] टा गेन मिलिकए बनबैत छै ____ गेन।

$6 + 2 = \square$



$7 + 1 = \square$



## आउ गिनै छी

क. अहाँक माता-पिता केर सभ मिलाकए कतेक भाइ-बहिन छथिन?

ख. अहाँक आ अहाँक मित्रक परिवारमे सभ मिलाकए कतेक सदस्य छथिन?

ग. अहाँक दुनू हाथ आ पाएर मे कतेक आंगुर अछि।


घ. अहाँ अपन आंगुर पर कतेक अंक गिनि सकैत छी?

बच्चा सभकेँ अतिरिक्त वाक्य बुझबा आ ज़ोरसँ बजबा लेल प्रोत्साहित करू। उदाहरण लेल 4 टा बच्चा आ 2 टा बच्चा मिलिकए 6 टा बच्चा बनैत अछि आ मिलिकए शब्दकेँ जोड़ (+) चिह्नक संग जोड़ल जाइत छै आ 'सभ मिलाकए' केँ बराबर (=) चिह्नक संग जुड़ैत छैक । बच्चा सभकेँ ठोस काज करबाक अवसर प्रदान करबाक चाही। प्रतीकात्मक प्रतिनिधित्व वा संख्याक जोड़क दिशामे आगू बढ़बासँ पहिने, 'कुल', 'योग', 'सभ मिलाकए' इत्यादि शब्दावली विकसित करबाक अवसर देबाक जरूरति छैक।




© NCERT not to be republished


## आंगुरक संख्या गिनू आ लिखू।




4 + 3 = 




3 + 2 = 



5 + 3 = 



4 + 0 = 





4 + 4 = 

© NCERT not to be republished



## आउ पासासँ खेलै छी आ जोड़ै छी!





बारी-बारी सँ दू पासाकेँ एक संग घुमाउ आ दुनू पासा पर कतेक बिंदु(डॉट) अछि तकर कुल संख्या ज्ञात करू। आब अपना मित्रकेँ पासा पलटै लेल कहियौ आ बिंदुक(डॉट) कुल संख्या पुछियौ। पता लगाउ जे के बेशी अंक प्राप्त करैत अछि




## आउ करैत छी

किशोर आ नित्या सेहो ई खेल खेललनि आ हुनकर पासा पर जे संख्या एलनि ओ नीचां देल गेल अछि।स्कोर बोर्ड पर सहीक निशान (✓) लगबैत ई बताउ जे कतेक बेर किशोर जीतल आ कतेक बेर नित्या?



| | किशोर | नित्या |
|---|---|---|
| क. | | |
| ख. | | |
| ग. | | |
| घ. | | |
| ङ. | | |







## मनका दाना आ लड़ी

नीचां देल गेल संख्याक अनुसार लड़ीक मनका दानामे रंग भरू आ रंगल मनका दानाक संख्या बताउ


क. 3 + 4 = 




ख. 4 + 2 = 




ग. 5 + 4 = 



घ. 2 + 7 = 



ङ. 7 + 3 = 



बच्चासभकेँ मनका दानाक लड़ीसँ खेलबा लेल प्रोत्साहित करू। ओ सभ जोड़ करबाक कोन प्रक्रिया आ तरीका उपयोगमे अनैत छथि एहि पर अहाँक ध्यान रखबाक चाही।




© NCERT not to be republished

## कूदू आ जोड़ बताउ -


4 + 2 =





3 + 2 =




5 + 3 =




6 + 3 =




© NCERT not to be republished

## अहाँ अपन तरीकासँ जोड़ू

अब्दुल आ रेहाना दू तरीकासँ अंक जोड़ि रहल छथि।कुल योग प्राप्त करबामे हुनक मदति करू -




| | |
|---|---|
| 2<br>+ 3<br>___ | 2 + 3 = ___ |
| 5<br>+ 1<br>___ | 5 + 1 = ___ |
| 3<br>+ 3<br>___ | 3 + 3 = ___ |
| 9<br>+ 1<br>___ | 9 + 1 = ___ |


© NCERT not to be republished





## आउ करै छी

क. अंकक जोड़ाकेँ भरू।




कोणार्क सूर्य मंदिर के चक्र।

ख. जोड़ू आ मिलान करू।

| | | |
|---|---|---|
| 1 + 4 | 5 | 4 + 2 |
| 6 + 3 | 6 | 3 + 4 |
| 5 + 2 | 7 | 3 + 2 |
| 0 + 6 | 9 | 5 + 4 |



## परियोजना कार्य



शून्य सँ नौ तक दस टा कार्ड लिय’।

कार्डकेँ एहि तरहेँ व्यवस्थित करू कि ओकर जोड़ नौ हुअय।

ई करबाक अनेक तरीका छै। अहाँ कतेक तरीकासँ जोड़ि सकैत छी?

☐ + ☐ = 9

☐ + ☐ + ☐ = 9

☐ + ☐ = 9



© NCERT not to be republished

## जोड़क कहानी

क. राघव  ल'ग 4 टा बैटरी छै  आ सरिता  ल'ग 5टा। दुनूकैं मिलाकए कतेक बैटरी  हेतै? ☐

ख. रणजीत ल'ग 3 टा गोली  छै आ मीनाक्षी ल'ग 6 टा। दुनूकैं मिलाकए कुल कतेक गोली  हेतै? ☐

ग. एकटा झोरामे 3 टा नारियल  छै आ दोसर झोरामे 4 टा नारियल। दुनू झोराकैं मिलाकए कुल कतेक नारियल  हेतै? ☐

## आउ अपन झोरामे की अछि से देखै छी?

अपन मित्र संग ई गतिविधि करू आ उत्तर नीचां लिखू।


क. हमरा झोरामे __________ टा किताब अछि आ हमर मित्रक झोरामे  __________ किताब। हमरा दुनूकैं मिलाकए कुल __________ किताब अछि।

ख. हमरा ल'ग __________ टा पेंसिल अछि आ हमर मित्रक ल'ग __________ पेंसिल। हमरा दुनूकैं मिलाकए कुल __________ पेंसिल अछि।

ग. हमरा ल'ग __________ टा नोटबुक अछि आ हमर मित्रक ल'ग __________ नोटबुक। हमरा दुनूकैं मिलाकए कुल __________ नोटबुक अछि।



## सोचू आ करू




नीचां देल गेल तालिकामे 1, 2 आ 3 संख्याकैं बिंदीदार रेखा द्वारा देखाओल गेल तरीकासँ एहि तरहैं लिखू कि प्रत्येक तरीकासँ योग 6 हो।

ई गतिविधि जोड़ीमे आयोजित कएल जा सकैत छै। बच्चासभकैं अपन समस्या आ प्रश्न स्वयं बनयबा लेल प्रोत्साहित करू। दुनियाँक सभसँ पुरान सूर्य मंदिर, कोणार्क, ओडिशाक बारेमे कक्षामे चर्चा करू।कोणार्क सूर्य रथमे पहियाक छवि (पृष्ठ 56)पर देखू।



© NCERT not to be republished

# पाँचटा छोट बच्चा


पाँचटा छोट बच्चा,बसमे आउ
ककर स्टॉप आयल, हाथ उठाउ
अहॉंक स्टॉप आबि गेल,उतरू बाउ
एक डेग बाहर दियौ,ज़ोरसँ चिकरू
आब हम सभ बचलहुं चारि !
बसमे हम सभ बचलहुं चारि !







चारिटा छोट बच्चा,बसमे आउ
ककर स्टॉप आयल, हाथ उठाउ
अहॉंक स्टॉप आबि गेल,उतरू बाउ
गाछ ल'ग एक डेग दय बहराउ
आब हम सभ बचलहुं तीन !
बसमे हम सभ बचलहुं तीन !




तीनटा छोट बच्चा,बसमे आउ
ककर स्टॉप आयल, हाथ उठाउ
अहॉंक स्टॉप आबि गेल,उतरू बाउ
चमचम जुत्ता संग डेग बढ़ाउ
आब हम सभ बचलहुं दू !
बसमे हम सभ बचलहुं दू !

© NCERT not to be republished

दूटा छोट बच्चा,बसमे आउ
ककर स्टॉप आयल, हाथ उठाउ
अहाँक स्टॉप आबि गेल,उतरू बाउ
सूरज देखैत डेग बढ़ाउ
आब हम बचलहुँ एक !
बसमे हम बचलहुँ एक !







एकटा छोट बच्चा,बसमे आउ
अहाँक स्टॉप आयल, हाथ उठाउ
बड़ मजा कएलहुँ,उतरू बाउ
अंतिम डेग अहाँ बढ़ाउ
आब बचलै कियो नहि!
बसमे बचलै कियो नहि!

## आउ गप करैत छी -

क. शुरूमे बसमे कतेक बच्चा छलै?

ख. पहिल स्टॉप पर कतेक बच्चा उतरलै?

ग. पहिल स्टॉपक बाद बसमे कतेक बच्चा बचलै?

घ. दोसर स्टॉपक बाद बसमे कतेक बच्चा बचलै? तेसर स्टॉपक बाद बसमे कतेक बच्चा बचलै? चारिम स्टॉपक बाद बसमे कतेक बच्चा बचलै?

ङ. अंतमे बसमे कतेक बच्चा बचलै?

## परियोजना कार्य

अहाँक घ'रमे कतेक लोक छथि? ओहिमे कतेक स्कूल जाइत छथि,कतेक काज पर आ कतेक लोक घ'र पर रहैत छथि?

© NCERT not to be republished





## आउ हम करै छी


### कतेक बांचल?

क. रिक्त स्थान भरू।

i.







6 टा बेंग ______ टा कूदि कए दूर भागि गेल ______ कतेक बांचल?

6 – 2 = ______

ii.










7 टा फुकना ______ उड़ि गेल 5 टा बांचल

7 – 2 = ______

iii.







9 टा केरा 6 टा ल' गेल ____ कतेक बांचल?

9 – 6 = ______

© NCERT not to be republished

ख. जे वस्तु छूटल जा रहल अछि,ओकर चित्र बनाउ आ रिक्त स्थान भरू।


i.

____ टा बर्तन　　____ टा बर्तन टूटि गेल-　　____ बांचल

3 – ______ = ______


ii.

7 टा लड्डू　　4 टा खा गेल　　____ बांचल

7 – 4 = ______


iii.

7 टा गेन　　______ टा ल' गेल　　______ बांचल

7 – ______ = ______

ग. निम्नलिखित प्रश्नक उत्तर दियौ।

i. मनीषा  ल'ग 9 टा केरा  छै,ओ 3 टा खा गेल। कतेक केरा बांचल?


ii. 8 टा भौंरा अछि  फूल पर। 5 टा भौंरा उड़ि गेल। कतेक भौंरा बचल अछि। [ ]

© NCERT not to be republished







## आउ, हम करै छी

अहाँ अपन स्वयं दसटा बिंदु(डॉट) बला कार्ड बनाउ आ किछु बिंदु (डॉट)अपन दोस्तसँ नुकाउ। हुनका पुछिअनु जे कतेक बिंदु (डॉट) नुकायल छै।



### कतेक बिंदु (डॉट) नुकायल छै आ कतेक बिंदु देखा रहल छै?

| कुल बिंदु 10 | नुकायल बिंदु | दृश्यमान बिंदु |
|---|---|---|
|  | 0 | 10 |
|  | | |
|  | | |
|  | | |




## परियोजना कार्य

बच्चासभकेँ 8 बिन्दु बला एकटा फ्रेम बनबए कहियौ। आब हुनकर हाथ वा रूमालक मदतिसँ किछु बिंदु नुका दियौ आ पुछियौ जे कतेक बिंदु नुकायल छै आ कतेक देखा रहल छै?की संख्यामे कोनो पैटर्न छैक? एहि गतिविधिकेँ अन्य संख्या लेल सेहो बढ़ाउ। की बिना बिंदु नुकेने एना करब संभव अछि?




© NCERT not to be republished

## संख्या पट्टी पर पाछू दिसि कूदू।




क. 9 सँ 3 डेग पाछू दिसि कूदू।



$9 - 3 = 6$

**ख. 7 सँ 4 डेग पाछू दिसि कूदू।**



$7 - 4 =$ ______

## अहाँ अपन तरीकासँ घटाव करू

क. $8 - 2 =$ ______

ख. $7 - 3 =$ ______

ग. $9 - 5 =$ ______

घ. $6 - 3 =$ ______

ङ. $5 - 1 =$ ______

च. $4 - 2 =$ ______

© NCERT not to be republished